

<https://attorneygeneral.delaware.gov/criminal/concealed-carry-deadly-weapons-ccdww/>

## **Pote zam mòtèl ki kache (CCDW)**

Pote zam mòtèl ki kache

### **Pèmi pou Rezidan Delaware yo Pote Zam mòtèl ki kache**

Yon rezidan Delaware ki vle pote yon zam mòtèl ki kache nan eta sa a dwe genyen yon lisans Delaware pou fè sa. Yon rezidan Delaware se yon moun ki genyen oswa ki gen obligasyon pou li gen yon lisans Delaware pou li kondwi e/oswa ki anrejistre pou vote nan Delaware. Si w gen yon kesyon konsènan rezidans oswa pwosesis aplikasyon CCDW a, tanpri kontakte Inite Envestigasyon Espesyal DOJ a nan (302) 577-8500.

[Aplikasyon CCDW pou Tribinal Siperyè Eta Delaware la](#)

### **Delaware Rekonèt Pèmi pou Pote Zam Mòtèl ki Kache Lòt Eta yo Bay Sitwayen yo**

Delaware rekonèt lisans oswa pèmi pou pote zam mòtèl ki kache lòt eta yo bay sitwayen lòt eta kote eta sa yo onore lisans Delaware pou pote zam mòtèl ki kache yo, yo bay yon degre pwoteksyon ki rezonab menm jan ak lisans nan Delaware bay, epi yo pa fè sa. prèv yon modèl pou bay lisans oswa pèmi pou krimen ki kondane yo. Gen kèk eta bay plizyè nivo pèmi oswa lisans; yo ap rekonèt nan Delaware sèlman moun ki ranpli kondisyon ki anwo yo epi yon endikasyon sou pèmi yo rekonèt yo ap parèt nan eta ki anba yo. Pou eta sa yo ki bay lisans Eta Delaware la rekonèt, Delaware ap rekonèt ni lisans yon rezidan ak lisans yon moun ki pa rezidan.

Moun ki genyen yon lisans oswa pèmi yo rekonèt pou pote yon zam mòtèl ki kache ke youn nan eta ki nan lis la yo te bay, yo ka posede legalman yon zam mòtèl ki kache pandan yo nan Delaware. Moun sa yo gen responsablite pou yo konnen epi obeyi tout lwa ak règleman Delaware ki aplikab pou pote oswa posede zam mòtèl.

Pou peryòd ki soti 15 janvye 2023 pou rive 15 janvye 2024, Delaware rekonèt lisans oswa pèmi pou zam mòtèl ki kache eta sa yo:

ALASKA  
ARIZONA  
ARKANSAS  
COLORADO  
FLORIDA  
IDAHO (Pèmi Amelyore Sèlman)  
KANSAS

KENTUCKY  
MAINE  
MICHIGAN  
MISSOURI  
NEW MEXICO  
KAWOLIN DI NÒ  
NÒ DAKOTA (Pèmi Klass 1 sèlman)

OHIO  
OKLAHOMA  
SID DAKOTA (Pèmi Amelyore Sèlman)  
TENNESSEE  
TEXAS  
UTAH  
WEST VIRGINIA

Lis sa a disponib pou tout ajans Nasyonal ak lokal ki fè respekte lalwa nan Eta Delaware la epi tout lisans oswa pèmi ke yo rekonèt pi ba la a, valab pou yon lane epi yo p ap retire li san yon pre-avi yon (1) lane e pou pi bonè 15 janvyè nan ane sivil apre ekspirasyon peryòd yon (1) lane a. Y ap bay eta an kesyon an yon pre-avi pou sispansyon yo anvizaje bay la epi y ap poste li sou sit sa a. Kounye a pa gen okenn avi pou sispansyon annatant ki tap antre an vigè nan dat 15 janvyè 2024.

Akòz de diferans ki genyen nan lwa divès eta yo, li posib ke yon moun yo pèmèt legalman oswa lisansye pou posede oswa pote yon zam mòtèl nan yon lòt eta, jwenn entèdiksyon pou fè sa nan Delaware. Moun sa yo gen entèdiksyon pou posede zam oswa minisyon mòtèl nan Delaware:

- tout moun ki te kondane deja pou nenpòt feloni
- tout moun ki te kondane deja pou nenpòt deli ki enplike blesi fizik yon lòt moun oswa vyolans domestik, sof si plis pase 5 lane pase apati dat kondanasyon an
- tout moun ki te kondane deja pou nenpòt krim ki enplike itilizasyon, posesyon oswa vant klandesten tout dwòg ki ilegal
- tout moun ki poko rive nan 25yèm anivèsè li e ki te kondane deja kòm yon jèn pou yon krim ki, si se yon adilt ki te komèt li, tap konstitye yon feloni
- tout moun ki sijè a yon Òdonans Pwoteksyon Kont Abi yon tribinal konpetan bay
- tout moun ki te deja entène nan yon lopital oswa enstitisyon mantal pou tretman pou yon maladi mantal

**Rekonesans Lòt Eta yo sou Pèmi Delaware la pou Pote Zam Kache yo Bay Rezidan Delaware yo**

Moun Delaware yo ki gen yon pèmi pou zam mòtèl ki kache pou Delaware yo, ka nan posibilite pou posede yon zam mòtèl ki kache pandan y ap vizite oswa pandan y ap vwayaje atravè eta ki endike anwo yo, epi tou nan Idaho, Indiana ak Vermont. Moun Delaware yo ki pote oswa posede yon zam mòtèl nan yon lòt eta, responsab pou konnen ak obeyi tout lwa ak règleman ki nan lòt eta a ki aplike pou pote ak posesyon zam mòtèl yo. Akòz de diferans ki genyen nan lwa divès eta yo, li posib ke yon moun lalwa pèmèt legalman oswa lisansye pou posede oswa pote yon zam mòtèl nan yon lòt eta, jwenn entèdiksyon pou fè sa nan Delaware. Pifò eta yo egzijè tout moun ki pote yon zam mòtèl ki kache dapre yon lisans oswa yon pèmi pou yo mache tou ak lisans lan oswa pèmi an sou yo.

Ofisyèl lapolis ki soti nan lòt jiridiksyon yo ka verifye pèmi CCDW Delaware yo lè yo kontakte Katye Jeneral Lapolis Eta Delaware atravè NLET.AM ki dirije yo nan DEDSP0000 oswa lè yo rele 302-659-2341.

### **Lòt Avi Konsènan Pote Pèmi Zam ki Kache yo**

Posede yon zam mòtèl, avèk oswa san pèmi oswa lisans pou sikile ak zam sa a kache, pa yon moun ki gen entèdiksyon pou fè sa se yon feloni nan Delaware.

Lwa Delaware entèdi nan tout sikonstans posesyon silansye, fizi a ponp ki siye ak zam otomatik.

Tanpri gade [Seksyon 1441 jiska 1461 nan Tit 11 Kòd Delaware la](#) pou lwa ki adrese itilizasyon, posesyon, ak pote zam mòtèl nan Delaware.

*Dènye mizajou paj la se 15 jiyè 2020*

Enstriktè pou Kou CCDW ki apwouve yo

Anba a, ou pral jwenn yon lis enstriktè zam-afe ke yo rekonèt pou kounye a pou anseye kou CCDW a nan Delaware. Tribinal yo pral sèvi ak lis sa a pou verifye enstriktè yo epi pou piblik la an jeneral chèche yon enstriktè ki otorize pou anseye kou a.

[Lis Enstriktè pou Kou Pote Zam mòtèl ki Kache nan Delaware yo](#) *Lis ki Ajou*

Fòm Rejis Enstriktè CCDW yo

[Gade/ranpli Fòm Rejis Enstriktè CCDW a](#)

Ankèt yo

**Demach**

Yo fè demann aplikasyon pou pote yon zam mòtèl ki kache nan Delaware (CCDW) yo nan Tribinal Delaware yo. Tanpri kontakte Tribinal Delaware yo pou jwenn [enstriksyon ak kondisyon yo](#).

Aprè w fin soumèt yon aplikasyon bay Tribinal la, Depatman Lajistis la pral etidye aplikasyon pou nouvo oswa renouvèlman CCDW yo epi retounen yo nan Tribinal la. Jeneralman etid sa a pran kèk semèn poul fèt.

### **Ankèt yo**

Si w ap mande enfòmasyon sou sitiyasyon yon aplikasyon pou pote zam mòtèl ki kache nan Delaware, ou ka kontakte yon manm Ekip DOJ CCDW pa telefòn oswa imèl. Liy asistans CCDW an disponib pou kite yon mesaj. Yon manm ekip la ap fè rechèch sou pwoblèm nan epi kontakte ou. Ekip la disponib tou pou reponn kesyon yo pa imèl.

Liy pou enfòmasyon an se (302) 577-5039. Adrès imel la se [DOJConcealedCarry@delaware.gov](mailto:DOJConcealedCarry@delaware.gov).

**Lè w ap fè yon demann, tanpri bay non w jan li parèt sou aplikasyon an, konte kote w te aplike a, ane nesans ou, ak yon nimewo telefòn pou kontakte w. Nou pral fè rechèch sou pwoblèm nan epi reponn ou rapid, pandan lè biwo regilye yo.**